

POU PIBLIKASYON IMEDYA

## **YAP KONTINYE VOYE TOUNEN MOUN K'AP CHÈCHE AZIL SOU FWONTYÈ KANADYEN**

**Movè enfòmasyon sou Kondisyon Fwontyè yo ap Mete Imigran Yo an Danje.**

Detroit, MI – 21 septanm 2020 -

Gwo kantite moun ap vwayaje pou yo vini nan fwontyè Etazini/Kanada avèk espwa ke yo ka travèse ale nan Kanada pou mande estati refijye

Sepandan, yo pa kite pi fò moun antre nan Kanada, yo voye yo tounen Ozetazini. Yo mete restriksyon ki deside ki moun ki ka travèse pou antre Kanada nan pò ofisyèl yo ak lòt kote ki pa ofisyèl, tankou Roxham Road, New York

Gen yon gwo risk ke Ladwàn Ameriken ak Depatman Imigrasyon (ICE) ap arete moun ke yo voye tounen e yap fè demach pou yo depòte yo.

Akòz de COVID-19, pasaj sou fwontyè yo fèmen; tout pwen dantre nan Kanada ki pa ofisyèl, tankou Roxham Road, New York, fèmen tou. La Polis Royal Canadian Mounted (RCMP) ap kontinye estasyon nan Roxham Road. Y'ap voye tounen moun ke yo bare ap eseye travèse pwen dantre ki pa ofisyèl tankou Roxham Road pou yo antre nan Kanada, lè moun sa yo rive Ozetazini yo ka arete yo.

Selon Antant Sou Peyi Tyè-Si Yo, anpil moun ki rive nan post ofisyèl yo pa kapab fè demand pou estati refijye nan Kanada. Malgre lefèt ke Tribinal Federal nan peyi Kanada te declare le 22 jiyè 2020 ke lwa sa pa konstitisyonèl, Antant la rete an fòs. Gen kèk eksepsyon espesifik nan Antant Sou Peyi Tyè-Si Yo.

Sèten moun ka reklame estati refijye nan yon Pò Dantre ofisyèl sou fwontyè Kanadyen.

Eksepsyon sa yo enli:

- Moun ki gen yon sèten kalite manm fanmi nan Kanada;
- Timoun ki pa akonpanye, ki gen mwens ke 18 tan daj, e ki pa gen yon paran oswa yon gadyen ki rete nan Kanada oswa Ozetazini;
- Moun ki fè reklamasyon refijye ki se sitwayen Ameriken oswa moun ki pa gen peyi e ki viv abityèlman Ozetazini; oswa
- Moun ki gen viza oswa dokiman vwayaj ki pèmèt yo vwayaje Kanada, oswa moun ki sitwayen yon peyi kote Kanada pa mande viza, men ki bezwen viza pou ale Ozetazini (pa egzanp, Mexik, Hong Kong SAR).

Nenpòt ki moun ki vle fè yon aplikasyon pou azil nan Kanada, ta dwe pale ak yon moun ki se ekspè nan la lwa Kanadyen pou imigrasyon ak refijye anvan yo vini nan fwontyè Etazini/Kanada

Asosyasyon yo ki travay ak refijye gratis ka refere-w bay yon avoka ki kalifye pou pratike la lwa imigrasyon ak refijye nan Kanada. Yon avoka ki kalifye ka bay konsey sou ki moun ki gen dwa fè demand pou estati refijye nan Kanada dapre Antant Sou Peyi Tyè-Si Yo ak konsey sou fèmti fwontyè yo akòz de COVID-19.

Bridge Not Borders - Créons des ponts, Quebec, Canada  
Email: [bridgesnotborders.ca@gmail.com](mailto:bridgesnotborders.ca@gmail.com)

Alex Vernon - Detroit Mercy School of Law - Detroit, USA  
Phone: 313-444-9222  
Email: [vernonag@udmercy.edu](mailto:vernonag@udmercy.edu)

**Pou plis enfòmasyon sou fèmti fwontyè yo akòz de COVID-19:**  
<https://www.unhcr.ca/newsroom/key-information-asylum-seekers/>

<http://www.bridgesnotborders.ca/info-1.html>

**Pou plis enfòmasyon sou denyè desizyon tribunal la:**  
<https://ccrweb.ca/en/organizations-welcome-court-ruling-safe-third-country>  
<https://ccrweb.ca/fr/decision-cour-sur-tiers-pays-surs-accueillie>

**Pou plis enfòmasyon sou Antant Sou Peyi Tyè-Si Yo :**  
<https://ccrweb.ca/en/safe-third-country>

<https://www.canada.ca/en/immigration-refugees-citizenship/corporate/publications-manuals/operational-bulletins-manuals/refugee-protection/canada/processing-claims-protection-safe-third-country-agreement.html>

**Sous:**

Bridges Not Borders - Créons des ponts is a bilingual grassroots group near Roxham Road supporting and advocating for asylum seekers. ([www.bridgesnotborders.ca](http://www.bridgesnotborders.ca))

Alex Vernon,  
Director, Immigration Law Clinic, Detroit Mercy School of Law

The Saratoga Immigration Coalition is a network of civic groups, faith communities and concerned individuals that seeks to foster, through support, education and advocacy, a community that is welcoming to all immigrants without regard to legal status.  
(<https://www.facebook.com/Saratoga-Immigration-Coalition-458540114506608>)

The Canadian Sanctuary Network advocates for the fair treatment for refugees and seeks remedies for refugees who face removal to a country where they are at risk.  
([www.sanctuarycanada.ca](http://www.sanctuarycanada.ca))